# यहूदा के पत्री

1यीशु मसीह के सेवक, अउर याकूब के भाई यहूदा के ओर
से, तहनी लोगन के नाम, जे परमेश्वर के प्रिय, अउर यीशु
मसीह खातिर सुरक्षित, अउर परमेश्वर के जरिए बोलावल
गइल बाड़न।
2तहनी लोगन के दया, शांति अउर प्रेम खूब मिलत रहे।

### पापी लोग दंड पइहें

3प्यारे मित्र लोग, हालाकि हम बहुत चाहत रहनी, कि तहनी
लोगन के, ओह उद्धार के बारे में लिखीं, जेकर हमनी के
भागीदार बानी जा। हम तहरा के लिखे के, अउर उत्साह
बढ़ावे के जरूरत समुझनी, जवना से कि तू, ओह बिश्वास
खातिर लड़ाई लड़त रहऽ, जेकरा के परमेश्वर, संत लोगन
के, हमेशा खातिर दे दिहले बाड़न। 4काहेंकि हमनी के दल
में कुछ लोग, चोरी से घुस गइल बाड़न। एह लोगन के दंड
के बारे, में शास्त्र बहुत पहिले ही भविष्यवाणी कर दिहले
रहल। ई लोग, बिना परमेश्वर के बाड़न। ई लोग, परमेश्वर के
अनुग्रह के भोग बिलास के एगो बहाना बना दिहले बाड़न,
अउर ई लोग हमनी के प्रभु, अउर इकलौता स्वामी यीशु
मसीह के ना मानसु।
5हम तहनी लोग के याद दिलावल चाहत बानी, (ओइसे
तऽ तू लोग ई सब बात के जानते बाड़ऽ) कि जवन प्रभु,
पहिले अपना लोगन के, मिस्र के धरती से बचा के निकाल
लिहले रहलन, बाद में जे लोग बिश्वास के नकार दिहलन,
उनका के कवना तरह से नष्ट कर दिहल गइल।[a] 6हम
तहनी लोग के, ई भी याद दिलावल चाहत बानी, कि जवन
दूत, आपन प्रभु सत्ता के बनवले ना राखि सकलन, बल्कि उ
जे आपन निजी घर के, ओह भयंकर दिन के न्याय खातिर, जे
अंधेरा में हमेशा खातिर बाड़न, बन्धन मे रखले बाड़न। 7ओही
तरह से, हम तहरा के इहो याद दिलावल चाहत बानी, कि
सदोम अउर अमोरा, अउरी आस पास के नगर भी, एह दूतन
के जइसन ही, यौनाचार कइले रहे, अउर अप्राकृतिक यौन
सम्बन्ध के पीछे दउड़त रहल। उनका के कबहूँ ना बुताये
वाली आगि में झोंकि देबे के दंड दिहल गइल। उ, हमनी
खातिर उदाहरण के रूप में मौजूद बाड़न।
8ठीक एही तरह से, हमनी के दल में घुसि आवे वाला ई
लोग, आपन सपना के पीछे दउड़त, आपन शरीर के बरबाद
करि रहल बाड़न। ई लोग, प्रभु के समरथ के उठा के, ताखा
पर राखि देबेलन, अउर महिमावान स्वर्गदूतन के खिलाफ
बोलेलन। 9प्रमुख स्वर्गदूत मीकाईल, जब शैतान के साथ
विवाद करत, मूसा के लाश के बारे में बहस करत रहलन,
तऽ उ, उनका खिलाफ अपमान वाला आरोप के इस्तेमाल के
हिम्मत ना करि सकलन। उ बस अतने कहलन, “प्रभु तहरा
के डाँटसु-फटकारसु।”
10बाकी ई लोग तऽ, ओह बात के आलोचना करेलन,
जेकरा के ई ना समुझेलन, अउर ई लोग, बिना बुद्धि वाला
जानवर के जइसन, जवना बात से सहज रूप में परिचित
बाड़न, उ बात उहे हईसन, जवना से उनकर नाश होखे वाला
बा। 11ओह लोगन खातिर ई बहुत खराब बा, कि उ लोग
कैन के जइसन, उहे राहि चुनलन। धन कमाये खातिर उ
लोग अपने आपके, ओइसहीं गलती के हवाले करि दिहलन,
जइसे बिलाम कइले रहल। एह से, उहे नष्ट हो जइहें, जइसे
कोरह के बगावत में हिस्सा लेबे वाला लोग, नष्ट करि दिहल
गइल रहलन।
12ई लोग तोहार प्रीति भोज में लुकाइल, ओह चट्टान के
जइसन बाड़न, जवन कि घात करे वाला बाड़न। ई लोग
बिना डर के, तहरा संगे खालन-पियेलन, बाकी उनका बस
आपन सवारथ के चिंता रहेला। उ लोग बिना पानी के बदरी
हवन। उ लोग पतझड़ के अइसन पेड़ हवन, जवना पर फल
ना होखे। उ लोग दोहरा मरल बाड़न। उनका के उखाड़ल
जा चुकल बा। 13उ समुंदर के अइसन भयंकर लहरि हवन,
जे आपन लाज से भरल काम के झाग उगिलत रहेलन। उ
एने-ओने भटकत अइसन तारा हवन, जिनका खातिर, अनंत
घना अंधेरा तय कर दिहल गइल बा।
14आदम से सातवाँ पीढ़ी के हनोक भी, एह लोगन के
खातिर, एह शब्द में भविष्यवाणी कइले रहलन: “देखऽ उ
प्रभु, आपन हजारो-हजार स्वर्गदूतन के साथ 15सब लोगन के
न्याय करे आ रहल बाड़न। जवना से कि, लोग जवन खराब
काम कइले बाड़न, उनका के ओह खातिर, अउर उ लोग जे
परमेश्वर के खिलाफ खराब बचन बोलले बाड़न, ओकरा
खातिर दंड देसु।”
16ई लोग चुगलखोर हवन, अउर दोष खोजे वाला हवन।
ई आपन इच्छा के दास हवन, अउर अपना मुँह से, घमंड
वाली बात बोलेलन। अपना फायदा खातिर, ई दोसरा के
चापलूसी करेलन।

---

[a] **5 प्रभु** कुछ सब से पुराना अउर सबसे बढ़िया, यूनानी यहूदा प्रतियन में, एइजा “यीशु” बा। अगर “यीशु” एइजा मूल रूप से माने लाएक बा, तऽ पद 6 में भी “प्रभु” के जगह “यीशु” होखे के चाहीं।

### जतन करत रहे खातिर चेतावनी

17बाकी प्यारा साथी लोग, ओह शब्द के याद राखऽ, जे हमनी के प्रभु यीशु मसीह के प्रेरितन के जरिए, पहिलहीं कहल जा चुकल बाड़ेसऽ। 18उ लोग तहरा से कहत रहलन कि “अंत समय में अइसन लोग होइहें जे, परमेश्वर से जवन कुछ संबंधित होई, ओकर हँसी उड़ावल करिहें।” अउर उ, अपवित्र इच्छा के पीछे पीछे चलल करिहें। 19ई लोग उहे हऽ, जे फूट डलवावेलन।

20ई लोग, आपन कुदरती इच्छा के दास हवन। इनकर आत्मा ना हऽ। बाकी प्रिय मित्र लोग, तू एक दूसरा के आध्यात्मिक रूप से, आपन सबसे पवित्र विश्वास में, मजबूत करत रहऽ। पवित्र आत्मा के साथ प्रार्थना करऽ। 21हमनी के प्रभु यीशु मसीह के करुणा के बाट जोहत, तू परमेश्वर के भक्ति में मगन रहऽ, जवन कि तहरा के अनंत जीवन तक ले जाई।

22जे डावाँडोल बा, ओकरा पर दया करऽ। 23आगे बढ़िके, दोसरा के आगि में से निकालि लऽ। बाकी दया देखावे के समय होसियार रहऽ, अउर उनकर ओह पोशाक तक से नफरत करऽ, जवना पर, उनकर पाप से भरल सुभाव के दाग लागल बाड़ेसऽ।

### परमेश्वर के स्तुति

24अब उनका प्रति जे तहरा के गिरे से बचा सकत बा, अउर उनकर महिमा से भरल मौजूदगी में, तहरा के महान आनन्द के साथ, निरदोष करिके, पेश कर सकत बा। 25हमनी के प्रभु यीशु मसीह के जरिए, हमनी के उद्धारकर्ता ओह इकलौता परमेश्वर के महिमा, बड़भव, पराक्रम अउर अधिकार, हमेशा से अब तक, अउर जुग-जुग तक बनल रहे। आमीन!